



Pou Piblikasyon Imedya: 07/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN SANT KOMINIKASYON SOU RISK METEYO MODÈN

*Sant inik lan pral ranfòse desizyon y ap pran yo anvan, pandan ak apre move tan*

*Investisman anyèl 1.5 milyon dola pral amelyore kominikasyon sou risk move tan yo pou piblik la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a kreyasyon Sant Kominikasyon sou Risk Meteyo Eta New York la nan University at Albany, yon kolaborasyon operasyonèl inik ant chèchè inivèsite yo ak direktè ijans eta a yo. Atravè yon investisman 1.5 milyon dola chak ane, Sant lan pral sèvi kòm yon sant echanj enfòmasyon sou move tan ki enpòtan epi devlope nouvo zouti pou ede direktè ijans yo pran desizyon ki pi enfòm, ki enpòtan anpil pou pwoteje kominote yo. Sant lan pral egzamine tou ki jan eta a ak patnè li yo kominike ak piblik la sou risk ki asosye ak move tan ak fason pou amelyore mesaj sa yo.

"Nouyòkè yo konnen twò byen ke chanjman klimatik la lakòz tanpèt pi souvan, ki entans, ak enprevizib atravè eta nou an, epi nou bezwen lide inovan pou ede nou reponn", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap fè fas ak risk k ap monte nan kad evènman move tan ekstrèm yo, mwen fyè pou m etabli Sant Kominikasyon sou Risk Meteyo a nan New York pou ranfòse preparasyon nou epi kenbe Nouyòkè yo enfòm epi an sekirite anvan, pandan, ak apre ijans yo."

Pliz prezizeman, travay Sant lan pral konbine bon jan kalite previzyon Sèvis Meteyo Nasyonal (National Weather Service, NWS) la bay ak done siplemantè ki soti nan Estasyon Metewo Eta New York la ak enfòmasyon sou tèren an sou enfrastrikti enpòtan yo pou kreye nouvopwodwi pou pran desizyon ki adapte ak bezwen espesifik direktè ijans yo. Pa egzanp, pandan gwo tanpèt septanm lan ki te jete plis pase sèt pous lapli nan Vil New York nan 24 èdtan sèlman, Sant lan t ap kapab kreye kat an tan reyèl ki te enfòm pa obsèvasyon move tan avanse ak done sou enfrastrikti egou vil la ak kapasite pou ede idantifye ki kote ak ki jan inondasyon te gen anpil chans rive ak ki lè evakyasyon ta ka nesèsè. Anplis de sa, anvan oswa pandan yon tanpèt nèj, Sant lan pral kontwòle previzyon ak done Estasyon Metwo a pou katografye tanperati sifas wout yo epi enfòm planifikasyon pre-tretman wout la.

Èd Sant lan p ap rezève sèlman pou direktè ijans nan nivo eta a. Resous ak ekspètiz li yo pral disponib pou lòt antite piblik nan New York ki bezwen sipò nan pran desizyon ki gen rapò ak move tan, tankou, pa egzanzp, sirètandan lekòl ki bezwen sipò pou enfòmè fènti lekòl yo.

Lè move tan ekstrèm pa nan previzyon an, SWRCC a pral travay kole ak eta a pou ofri fòmasyon ak atelye sou ijans metewolojik, epi tou prepare analiz apre aksyon ijans metewolojik epi egzamine ki jan eta a ak patnè li yo kominike risk ki asosye ak move tan.

**Prezidan University at Albany an, Havidán Rodríguez, te deklare,** "Pandan Nouyòkè yo ap konfwonte epizòd move tan ki pi souvan akòz yon klima k ap chanje, University at Albany gen onè pou l kreye patenarya ak Eta New York pou asire ekspètiz chèchè metewolojik ak klimatik nou yo konplètman disponib pou direktè ijans yo ak premye sekouris ki gen reponsabilite pou pwoteje lavi ak pwopriyete. Lansman Sant Kominikasyon sou Risk Meteyo Eta a se yon kredi pou apwòch avanse Gouvènè Hochul la pou risk chanjman klimatik yo poze, yon modèl pou fason inivèsite yo ka tradwi rechèch nan mond reyèl la ak yon etap enpòtan nan direksyon pou konstwi yon New York ki pi an sekirite, ki pi enfòmè epi ki pi rezistan."

**Direktè Sant Kominikasyon sou Risk Meteyo Eta a, Nick Bassill, te deklare,** "New York deja genyen engredyan ki nesèsè pou fè nou tounen yon lidè nan tout peyi a k ap entegre enfòmasyon meteyolojik nan desizyon n ap pran chak jou nou yo, epi mwen kontan anpil pou m ede rann sa posib atravè Sant Kominikasyon sou Risk Meteyo Eta nou an. Nou pral bati sou sèvis ekselan ki soti nan Sèvis Meteyo Nasyonal la epi travay men nan men ak patnè eta nou yo nan jesyon ijans, transpò, ak enèji pou ba yo enfòmasyon yo bezwen anvan, pandan, ak apre yon tanpèt. Ansanm, syantis sosyal ak devlopè lojisyèl yo pral konstwi pi bon zouti ak estrateji kominikasyon. Lè nou sitiye nan UAlbany tou li pèmèt nou fòme pwochen jenerasyon ekspè yo nan enkòpore yon pwogram estaj pou etidyan ki solid."

**Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Pandan chanjman klimatik yo ap kontinye fè move tan rive pi souvan ak entans, nan Eta New York n ap ranfòse preparasyon nou, kapasite repons ak rezistans nou pou afwonte moman sa a. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul sou preparasyon ak repons pou ijans, ekspètiz patnè nou yo nan UAlbany, ak patenarya kritik kontinyèl nou an ak Sèvis Meteyo Nasyonal la, nouvo Sant sa a pral non sèlman ede nou pran pi bon desizyon yo pandan evènman metewolojik ekstrèm yo, men sa ki pi enpòtan li pral ede nou jwenn fason pou pi byen kominike risk ki genyen nan move tan sa a ak piblik la."

Sant la pral chita andedan bilding ETEC UAlbany an, ki abrite youn nan pi gwo gwoup chèchè atmosferik ak klimatik nan nasyon an, ki gen ladan NWS ak Sant Rechèch Syans Atmosferik UAlbany an. Anplis li nan yon pozisyon estratejik toupre Biwo Albany NWS la, Sant lan pral pwofite tou resous kle ki egziste deja nan ETEC tankou:

- Laboratwa xCITE (ExTREME Collaboration, Innovation, & Technology (Kolaborasyon, Inovasyon, & Teknoloji Ekstrèm)), yon sant done ak analiz vizyèl dènye modèl ki pral sèvi kòm yon baz operasyon pou Sant lan pandan evènman move tan yo;
- Estasyon Meteyo Eta New York la, rezo meteyo ki pi avanse nan tout eta a, ke UAlbany te konstwi epi opere apati ETEC nan non eta a; ak
- Espètiz ki gen rapò ak Kolèj Preparasyon pou Ijans, Sekirite Nasyonal ak Sibèsekirite UAlbany.

Investisman anyèl 1.5 milyon dola Eta New York la pral finanse apeprè 10 pòs apentan, opòtinite travay ak estaj pou etidyan pa èdtan, ansanm ak travay ak Estasyon Meteyo a pou devlope nouvo pwodwi enfòmatic epi achte ekipman pou sant operasyon Sant lan.

Sant Kominikasyon sou Risk Meteyo Eta a pral fonksyone an paralèl ak yon sibvansyon federal 3 milyon dola Inivèsite a garanti pou finanse pwojè Esplwatasyon Estasyon Meteyo pou Preparasyon ak Repons pou Ijans nan Ka Meteyo Ekstrèm (Exploitation of Mesonets for Emergency Preparedness and Response in Weather Extremes, EMPOWER).

Yon patenarya ant syantifik atmosferik UAlbany yo ak Kolèj Preparasyon pou Ijans, Sekirite Nasyonal ak Sibèsekirite UAlbany, EMPOWER ap eksplòre fason pou pwofite done an tan reyèl ki soti nan [Estasyon Meteyo Eta New York la](#) ak lòt sistèm obsèvasyon avanse pou kreye yon seri nouvo zouti sipò ki fèt pou direktè ijans yo, premye sekouris yo, ak lòt moun ki gen enterè piblik ak prive kle yo. Pwojè pilòt la, ki ap sipòte atravè Direksyon Syans ak Teknoloji Depatman Sekirite Enteryè Etazini (U.S. Department of Homeland Security) an, pral sèvi kòm yon tès rejyonal pou eksplòre potansyèl pou itilize gwo done pou amelyore rezilta jesyon ijans nan tout peyi a. Atravè SWRCC, Nouyòk yo pral pami premye moun ki benefisye avansman rechèch yo reyalize nan kad EMPOWER.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418